



Estati Espesyal Pou Jèn Imigran (Special Immigrant Juvenile Visa, SIJS)

Estati Espesyal Pou Jèn Imigran (Special Immigrant Juvenile Visa, SIJS, se youn nan fòm èd jiridik pou jèn imigran yo moun konnen plis.

Jèn moun ki kalifye pou SIJS yo ka jwenn estati legal pou yo rete nan peyi Etazini alontèm.



Genyen de (2) kritè ki detèmine si yon timoun elijib pou SIJS:



1. Youn oswa toude paran yo te abize, neglije, oswa abandone jèn moun lan nan peyi kote yo soti a oswa nan peyi Etazini, epi
2. Li pa nan enterè jèn moun lan pou l retounen nan peyi kote l soti a oswa pou yo reyini l avèk paran li an (yo).

SIJS genyen de (2) pati ladan l:



1. Nan premye pati a, fanmi an dwe ale nan tribinal ki responsab zafè fanmi an pou esponsò/moun k ap bay swen an jwenn gad legal jèn moun nan, oswa pou l jwenn yon òdonans espesyal nan men jij la ki deklare jèn moun depannde tribinal jivenil lan. Pifò Eta yo egzije pou fanmi an franchi etap sa a anvan jèn moun nan gen 18 lane.
2. Nan dezyèm pati a, fòk fanmi an depoze yon aplikasyon SIJS nan USCIS (Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini). Apre yo fin apwouve aplikasyon an, jèn moun nan kapab aplike pou li vin yon Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Resident, LPR) lè viza a disponib.

Li enpòtan pou konsidere...

Yon jèn moun ki jwenn SIJS p ap janm kapab fè petisyon pou paran li yo jwenn estati legal nan peyi Etazini, menm si se sèlman youn nan paran li yo ki te abize l, neglije l, oswa abandone l.

Aplike pou SIJS se yon pwosesis ki konplike. Li enpòtan anpil pou w pale ak yon avoka sou dosye w la pou l ka ede w san pèdi tan, piske gen anpil etap nan pwosesis la epi li esansyèl pou w aji rapid.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa la pou bay konsèy jiridik.